

Jounen entènasyonal lang ak kilti kreyòl ki kòmanse pran plas li nan peyi a se yon pa enpòtan nan restorasyon diyite nou kòm pèp epitou kòm nasyon.

Zòt toujou di « lang kreyòl la pa prale okenn kote, li p'ap mennen nou okenn kote ». Zòt pa janm mande tèt li kisa li ye si youn nan bagay ki defini idantite li p'ap mennen li okenn kote. Jodi a, reyalite a chanje e li dwe kontinye chanje pou lang kreyòl la pran plas li nan defini nou kòm pèp epi nan jwe wòl li nan ansèyman ak aprantisaj.

Se pou sa Ministè Edikasyon Nasyonal deside mache ak Akademi Kreyòl Ayisyen e li voye yon gwo kout chapo pou dezyèm rezolisyon an ki pote evolisyon nan premye travay yo. Lè se lasyans ki ap travay, pa gen erè paske se chimen pwogresyon.

Nan non Minis Manigat ki eskize li paske li p'ap ka la ak nou maten an, m'ap mande Akademi Kreyòl Ayisyen an pou li pa sispann travay pou valorizasyon ak vilgarizasyon tout travay syantifik ki pèmèt lang ak kilti kreyòl voye Ayiti pi wo.

Lontan se te yon lekòl fransè-kreyòl kote kreyòl la pat vo plis pase 10%. Jodi a, se ansèyman miltilang baze sou lang matènèl. Nou panse sa ap itil kominote syantifik yo epi l'ap ede nou afime nou devan tout nasyon yo.

Ofis Nasyonal Patenarya pou Ledikasyon ap mande tout patnè nasyonal kou entènasyonal pou apiye nan tout sans travay Akademi Kreyòl Ayisyen an, travay Ministè Edikasyon Nasyonal la nan refòm kourikoulè a ak travay Inivèsite Leta Dayiti ki se flanbo reyonnan lasyans ak lakilti tou. Travay la fèk kòmanse, li p'ap kanpe.

Bon selebrasyon ofisyèl Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti Kreyòl !

Mèsi anpil tout moun !